दिन– बुधवार दिनांक–14.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

ऑपरेशन सिंदूरक सफलताक विषय मे लोकसभ के जनतब देबाक लेल भारतीय जनता पार्टी प्रदेश मे आइ सँ तिरंगा यात्रा शुरू कयलक। राजधानी पटना मे प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवालक नेतृत्व मे ई तिरंगा यात्रा निकालल जा रहल अछि। एहि तिरंगा यात्रा मे सम्मिलित लोकसभ प्रधानमंत्री आ भारतीय सेनाक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। भाजपा अध्यक्ष जनौलनि जे काल्हि प्रमंडल मुख्यालय आ सोलह मई के सभ जिला मुख्यालय मे तिरंगा यात्रा निकालल जायत। तेईस मई धरि चलयवला एहि यात्रा मे सामाजिक कार्यकर्ता, समाजिक संगठन आ पूर्व सैनिक भाग लऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे यात्रा मे नरेन्द्र मोदी सरकारक दृढ नेतृत्व मे सैन्य बलक पराक्रमक विषय मे लोकसभ के जनतब देल जायत।

---

ऑपरेशन सिंदूरक क्रम मे पाकिस्तान दिस सँ भेल गोलीबारी मे जम्मू मे उपस्थित बीएसएफक जवान सीवान निवासी रामबाबू सिंह आइ अपन गाम मे सैन्य सम्मानक संग पंचतत्व मे विलीन भऽ गेलाह। एहि सँ पूर्व पटना हवाई अड्डा पर नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव समेत आनो जन प्रतिनिधि आ प्रशासनिक अधिकारी लोकनि शहीद जवान के श्रद्धांजलि देलनि।

---

प्रदेशक राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खाँ आइ सारण जिलाक नारायणपुर गाम मे जम्मू कश्मीर मे शहीद भेल सीमा सुरक्षा बलक सब इन्स्पेक्टर मोहम्मद इम्तियाजक चित्र पर पुष्पांजलि कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

दोसर दिस नवादा सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक रूपो थाना क्षेत्रक पांडेय गंगौट गाम निवासी भारतीय सेनाक जवान मनीष कुमार के ड्यूटीक क्रम मे मृत्यु भऽ गेलनि। ओ कारगिल मे पदस्थापित छलाह। मृत्युक कारणक एखन पता नहि चलल अछि।

———————————————————————————

सीमा सुरक्षा बलक एक जवान पुर्णम कुमार साव आइ सबेरे भारत आबि गेलाह। तेईस अप्रील के पंजाबक फिरोजपुर सेक्टर मे अंतर्राष्ट्रीय सीमा पार करबाक बाद पुर्णम कुमार साव के पाकिस्तानी रेंजर गिरफ्तार कऽ लेने छल। सीमा सुरक्षा बल जनौलक जे हुनका अमृतसरक अटारी संयुक्त सीमा चौकी पर भारत के सुपुर्द कयल गेल।

———————————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे आइ बिहारक खेलाड़ी लोकनि शानदार प्रदर्शन कयलनि। बिहारक खाता मे एखन धरि पैंतीस पदक आबि चुकल अछि। एहि मे छओ स्वर्ण, एगारह रजत आ अठारह कांस्य पदक अछि। बिहार पदक तालिका मे चौदहम स्थान पर आबि गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे मार्शल आर्टक एक स्पर्धा थांग–ता मे बिहारक प्रिया प्रेरणा स्वर्ण पदक जीतलनि। ओतहि, एहि खेलक एक आन स्पर्धा मे महिका कुमारी सेहो स्वर्ण पदक प्राप्त कयलनि। थांग–ताक अलग–अलग स्पर्धा मे भूमिका राज आ सुवाक्षी सरगम के बालिका वर्ग मे कांस्य पदक प्राप्त भेल। थांग–ताक बालक वर्गक एक स्पर्धा मे लकी कुमार कांस्य पदक अपन नाम कयलनि। खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे महाराष्ट्र पचास स्वर्ण समेत एक सय बत्तीस पदक के संग पदक तालिका मे पहिल स्थान पर बनल अछि। एहि खेलक समापन काल्हि होयत।

———————————————————————————

पटना मे चलि रहल खेलो इंडिया कार्यक्रमक समापनक आकाशवाणी द्वारा काल्हि जीवंत प्रसारण छओ बाजि कऽ पच्चीस मिनट सँ सात बाजि कऽ तीस मिनट धरि कयल जायत। एहि कारणे मैथिली संवादक प्रसारण साढे सात बजे मे प्रसारित हिन्दी प्रादेशिक समाचारक बाद कयल जायत।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आगामी तीस मई के रोहतास जिलाक विक्रमगंज सँ राष्ट्र के कतेको सौगात देताह। संगहि, ओ एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ सासाराम मे पत्रकार लोकनि के ई जनतब देलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आइ दरभंगाक डीएमसीएच मे दू सय साठि बिस्तरक महिला छात्रावास सहित चौदह परियोजनाक उद्‌घाटन कयलनि। श्री पांडेय दरभंगा मे दस एचडब्ल्यूसीक आधारशिला सेहो रखलनि।

———————————————————————————

राज्य मे सहकारी बैंकक विस्तार होयत। सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार जनौलनि जे पन्द्रह जिला मुख्यालय आ एक सय चौवालीस प्रखंड मे सहकारी बैंकक शाखा खोलबाक प्रस्ताव भारतीय रिजर्व बैंक के पठाओल गेल अछि। ओ जनौलनि जे एखन तेईस जिला मे सहकारी बैंक संचालित अछि।

———————————————————————————

संपूर्ण प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। अधिकांश ठाम अधिकतम तापमान सामान्य सँ ऊपर चलि गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन चारि दिन धरि अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।